

JÈN ANGAJE NAN AKSYON
ABCD

YEA!

*Pwogram ete GRATIS pou 13 an yo
kote yo ka fè yon kat kado \$100!*

Akòz pandemi COVID-19 la, ane sa a **pwogram YEA ABCD a! (Youth Engaged in Action)**, pral fèt an liy epi pral dire **yon semèn**. Nou ankouraje timoun ki gen 13 an nan lekòl presegondè yo ki kalifye pou revni pou yo aplike.

YEA! apiye sou kapasite patisipan yo pou yo vin lidè atravè sansiblizasyon, pledwaye ak opòtinite pou aji. Pandan tout sesyon an, yo pral aprann kijan gouvènman an fonksyone, kijan pou yo pran aksyon pozitif fas a defi ki menase anviwònman nou an, ak kijan byennèt finansye pral benefisye ni yo menm ni kominote yo a.



**ENSKRI JODI A EPI JWENN YON
KAT KADO \$100**



KIJAN? Rele sant katye ABCD ki pi pre w la pou aplike. Vizite bostonabcd.org/locations pou jwenn yon lis sit katye nou yo. *Plas yo limite, kidonk enskri jodi a!*



KI KOTE? AN LIY! Lè nou konsidere menas transmisyon kowonaviris COVID-19 la, ABCD pral ofri YEA! sèlman an liy ane sa a.



KI LÈ? Pwogram nan fonksyone nan de sesyon:
11 – 15 jiyè & 18 – 22 jiyè
Tout aplikasyon yo dwe resevwa anvan 1ye jiyè.



POU PLIS ENFÒMASYON
Visit BOSTONABCD.ORG/YEA pou plis enfòmasyon oswa rele **617.348.6329**.